

# COMPUTER BOOK

## WEY E GO TEACH YOU HOW YOU NOR GO TAKE ENTER WAHALA

Oya my padi make wi com yarn wit oga advisa wen don make our mind coolee as wi dey play wit computer

OYA MY PADI MAKE WI COM YARN WIT OGA ADVISA
WEN DON MAKE OUR MIND COOLEE
AS WI DEY PLAY WIT COMPUTER.



# WETIN DEY FOR INSIDE


WORK 1: WETIN YOU FIT DO OR GET COM JOIN
WETIN U LIKE 1

WORK 2: FIRST THREE 6

WORK 3: DIVIDE 7

WORK 4: BETTER TALK 8

WORK 5: BELIEVE 9

WORK 6: LETTER 13

WORK 7: STOP OR CLEAN 14

WORK 8: WORK & ANSWER 16

WORK 9: HELP 17

WORK 10: TAKE TIME 18

WORK 11: SAVE 20

WORK 12: COVER 24

Your name

# WORK 1

## WETIN YOU SUPPOSE TO DO OR GET IM WITH WETIN YOU LIKE TO DO

Wetin be the difference for wetin you suppose to do im with wetin you like to do? Write if dem be wetin you “suppose” to do or wetin you “like” to do for bottom.





**01**
Your room wey you dey sleep

R | | w

**02**
Fry fry food wey dem dey sell for outside

R | | w

**03**
To save you commot for jealousy and bad belle

R | | w

**04**
Money to take buy anything wey you like

R | | w

**05**
To go School

R | | w

**06**
To travel for holiday time

R | | w

**07**
Play play

R | | w

**08**
Write letter with small telephone go give person

R | | w

**09**
To let you do all wetin your village people dey do. Una kind God, talk and food.

R | | w

**10**
Better, fine house to stay


R | | w

Your name

# WORK 1

## WETIN YOU SUPPOSE TO DO OR GET IM WITH WETIN YOU LIKE TO DO

Wetin be the difference for wetin you suppose to do im with wetin you like? Write if dem be wetin you suppose to do or wetin you like to do for bottom.



**11**
The dress wey e dey reign

R | | W

**12**
To dey use small computer

R | | W

**13**
Better fresh air

R | | W

**14**
Better rich man food

R | | W

**15**
To save you commot for yeye and wicked people and suffer suffer

R | | W

**16**
To dey look TV

R | | W

**17**
To carry you go hospital go treat you if you dey sick

R | | W

**18**
The chance to take talk your mind and make dem hear wetin you dey talk

R | | W

Your name

## Big big people meeting to take talk about all wetin e be say small small pikin dem suppose to do or get.





• Your name •

# Big big people meeting to take talk about all wetin e be say small small pikin dem suppose to do or get



**WHO BE CHILD**
Any person wey never reach 18, na

**NO DISCRIMINATE**
Every pikin get all dis rights, no mata who dem be, wia dem dey live, wetin dem dey speak, wetin dia religion be, wetin dem think or wetin dem luk like. Weda dem be boy or girl, whether dia bodi get problem or not, weda dem dey rich or poor. Wetin dia papa and mama want make dem be, but pikin dem no be pipu wey dem dey treat anyhow.

**WETIN GOOD FOR CHILD**
When big big pipu dey decide, make dem dey think am say how dia decisions go fit affect dis pikin dem. Government pipu suppose make sure say dem protect and dey look after dis pikin dem.

**HOW TO CHOOSE WETIN GOOD**
Government pipu suppose see to am say every pikin wey dey dia contri dey enjoy dia rights for dis tym.

**FAMILY AND CHILDREN AS THEM DEY GROW**
Government suppose make sure say all family plus community pipu guide dia pikin well, so if them grow dem go use dia right well well.

**LIFE AND SURVIVAL AS CHILDREN DEY GROW**
Every pikin get the right to dey alive. Government pipu suppose make sure say all dis pikin dem survive and dey develop dem self well.

**NAME AND COUNTRY**
Wen dem born pikin , dem suppose go register am, give am name, d one wey government dem dey recognize. Pikin dem must suppose know where dem dey come from and who dia parents be.

**WHO E BI**
All pikin dem get right for dia own identity. Official one wey be: name, nationality, family relations. Make government also helep dem wit dia identity

**HOW TO KEEP FAMILY TOGETHER**
Dem no suppose separate pikin dem from dia parents, unless dem no dey treat dia pikin well.

**HOW TO REACH PARENTS FOR ANOTHER COUNTRY**
If pikin dey stay far away from im parent, make govt see say dem travel go dey check dem.

**PROTECTION FROM KIDNAPPING**
Government go must stop pipu wey dey carry pikin dem out of the contri wey no dey legit, as law no accept am.

**RESPECT FOR WETIN CHILDREN THINK**
Pikin dem get right unto say them suppose fit talk wetin dey dem mind on top d mata wey konsign them and adult suppose gather body hear them well.

**CHILD FREEDOM TO TALK WETIN E THINK**
Pikin dem fit share wetin dem they feel or think with oda pipu, through wetin dem dey talk, draw, writing etc.

**FREEDOM TO THINK AND JOIN RELIGION**
Every pikin fit choose dia own religion, thoughts and opinion, but na why dia mama and papa suppose guide dem, so that wen dem grow, dem go sabi how to use dia rights well.

**SETTING UP OR JOINING GROUPS**
Dis pikin them fit meet different pipu and learn different things when dey join some groups.

**PROTECTION OF PRIVACY**
Every pikin get right to dia own privacy and family join.

**ACCESS TO INFORMATION**
Every pikin get the right to get beta information through books, internet, TV, radio, etc. And government suppose make sure say media go dey share information wey pikin dem fit understand.

**PARENT WORK**
Na mainly parents dey reponsible for pikin to grow. If the parents no dey, person fit represent dem as guidaian. Parents and Government suppose helep dis pikin dem too.

**PROTECTION FROM VIOLENCE**
Government pipu suppose protect dis pikin dem from violence, abuse and as those wey dey take care of dem dey neglect them .

**CHILDREN WEY NO GET FAMILY**
Any pikin wey im mama or papa no fit look after am, person wey sabi the work well go do am for am.

**CHILDREN WEY THEM ADOPT**
If them adopt pikin, dem suppose take care of am well. If them no fit look after pikin for im own contri, them go jeje carry am go another contri.

Your name

# Big big people meeting to take talk about all wetin e be say small small pikin dem suppose to do or get.

**22 CHILDREN WEY BE REFUGEE** — All the pikin wey run comot from dia contri as refugee, government suppose also helep them get the same right with other children.

**23 CHILDREN WEY GET COMMA FOR BODY** — All the disable pikin suppose enjoy wetin oda pikins dem dey enjoy. Government suppose helep them too make them participate actively for the community.

**24 HEALTH, WATER, FOOD AND AREA** — Every pikin get right to beta health, water wey clean and good food and environment wey dem dey live. Every adult and pikin suppose dey informate about how to stay safe and healthy.

**25 CHECK WHERE THE CHILD DEY STAY** — Any pikin wey dey far from im house, maybe because of im health. Dem suppose check that pikin make dem know if im dey okay so.

**26 SOCIAL AND ECONOMIC HELP** — Government pipu suppose helep pikin dem wey come from poor homes.

**27 FOOD, CLOTH AND HOUSE WEY SAFE** — Every pikin get right to food, clothes, place wey good to live, make dem dey try develop dem self. Even government suppose helep Pipu wey no get.

**28 ACCESS TO EDUCATION** — To go school na children right. Make primary school be free. Make secondary school and university dey for every child. Encourage children make them go school reach the level wey High pass as e take possible. Respect children right if you wan discipline them; no dey use force or bad belle.

**29 WHY EDUCATION?** — Education of every pikin suppose helep am to develop imself in anything wey im dey do. E suppose teach dem say dem get dia own rights and to leave in peace for dia environment

**30 MINORITY, CULTURE, LANGUAGE AND RELIGION** — Pikin dem get right to use dia language, culture, and religion as dem want.

**31 REST, PLAY, CULTURE AND ARTS** — Every pikin get right to get beta rest, beta play and follow for cultural things.

**32 PROTECTION FROM WORK WEY NO GOOD** — Pikin dem get the right to dey protect dem self from work wey no good. If pikin work well finish, dem suppose pay dem dia money as na dia right.

**33 PROTECTION FROM DRUGS WEY NO GOOD** — Government pipu suppose protect wetin pikin dem dey do, collect or even sell bad market.

**34 PROTECTION FROM SEXUAL ABUSE** — Government pipu suppose make sure dem protect dia pikin dem from sexual abuse.

**35 HOW TO STOP TO DEY SELL AND TRAFFIC CHILDREN** — Government must make sure say people no dey kidnap children, sell or carry Children go another country or place go use do wey im no want.

**36 PROTECTION FROM BAD USE** — Pikin get every right to dey protected from all kind of things wey dem wan use take advantage of dem.

**37 CHILDREN WEY DEY PRISON** — Dem no suppose kill pikin wey been dem talk say e do bad thing or even go put am for prison wey big big Pipu dey. Pikin wey dey there need beta helep.

**38 PROTECTION DURING WAR** — Every pikin get right to dey proted from war, and pikin wey dey under 15 years no suppose enter army or follow fight

**39 HOW TO GET E SELF COME JOIN E MATE AND COMMUNITY** — Pikin get right to get helep, if dem do dem bad thing or if war affect dem. All dis make dem dey more healthy.

**40 CHILDREN WEY BREAK LAW** — Those pikin wey dem accuse say dem break law, also get right to say dem want beta treatment. Dem suppose dey helep all dis pikin make dem turn beta person for the community.

**41 BEST LAW FOR CHILDREN GOOD** — If the law of a contri dey protect pikin rights pass dis convention, then make dem dey use the laws well.

**42 MAKE EVERYBODY SABI CHILDREN RIGHT** — Government pipu suppose make all children and adults sabi wetin d convention dey about, make dem dey know wetin be right of pikin.

**43-54 HOW THE CONVENTION DEY WORK** — The articles of the book dey talk about how government pipu United Nations plus including the committee for right of pikin dem, and UNICEF, as dem wan make sure say all pikin enjoy dia

Your name

# WORK 2

# THE FIRST THREE THINGS

Wetin be the first three things wey you suppose to do or get, any time you want to use computer?




## The First Thing

## The Second Thing


## The Third Thing

Your name

## WORK 3

# TO DIVIDE

**Draw circle round the people wey you think say dem fit see wetin you dey talk, dey do and dey put for computer.**



|  |  |  |  |
|---|---|---|---|
| **01** Wetin I dey put for computer | **02** My own things like name and foto | **03** The Place me dey now | **04** All wetin me don do for my computer |
| ◯ Friends | ◯ Friends | ◯ Friends | ◯ Friends |
| ◯ Computer Company | ◯ Computer Company | ◯ Computer Company | ◯ Computer Company |
| ◯ Family people | ◯ Family people | ◯ Family people | ◯ Family people |
| ◯ Outside people | ◯ Outside people | ◯ Outside people | ◯ Outside people |
| ◯ Government | ◯ Government | ◯ Government | ◯ Government |
| ◯ Market people | ◯ Market people | ◯ Market people | ◯ Market people |
| Another | Another | Another | Another |
| ............... | ............... | ............... | ............... |
| Why? | Why? | Why? | Why? |
| ............... | ............... | ............... | ............... |
| ............... | ............... | ............... | ............... |



Your name

## WORK 4

# BETTER TALK

Make you read wetin other small small pikin dem want to talk, about how dem nor dey take enter wahala and how to keep secret, anytime dem dey use computer. You believe all wetin dem talk? why/why not? Write your answer for all the box wey e dey for bottom.

Color all the stars to show as you really believe all the talk wey e dey for bottom;
****; I gree well well
***; I gree
**; I nor know
*; I nor gree



I DEY WORRY NO BE SMALL AS HACKERS DEY ENTER MY PHONE AND LAPTOP DEY TRY USE MY DATA

☆☆☆☆

I ARRANGE MY SETTINGS WELLA SO I NO REALLY SEND IF PERSON WAN TAKE BACKYARD ENTER MY DATA

☆☆☆☆

PERSON WEY I NEVER MEET ONE ON ONE BUT WE DEY CHAT ONLINE E DEY ASK ME IF WE FIT TRACK. I NO SURE SAY I GO FIT

☆☆☆☆

Your name

## WORK 5

# BELIEVE

Look the TV foto wey e dey for bottom, make you think well well if you go believe all the things wey dem dey show for this TV station.




### UNICEF

**Which kind TV station be dis? You think say person fit believe dis TV station? Why/Why not?**



Your name

## WORK 5


# BELIEVE

Look the TV foto wey e dey for bottom, make you think well well if you go believe all the things wey dem dey show for this TV station.




## WIKIPEDIA

**Which kind TV station be dis? You think say person fit believe dis TV station? Why/Why not?**



Your name

## WORK 5

# BELIEVE

Look the TV foto wey e dey for bottom, make you think well well if you go believe all the things wey dem dey show for this TV station.




## NAIRALAND FORUM

**Which kind TV station be dis? You think say person fit believe dis TV station? Why/Why not?**



Your name

## WORK 5


# BELIEVE

Look the TV foto wey e dey for bottom, make you think well well if you go believe all the things wey dem dey show for this TV station.




## Health Connect 24x7

**Which kind TV station be dis? You think say person fit believe dis TV station? Why/Why not?**




• Your name •

## WORK 6

# LETTER

Use your telephone take write letter go give your friend tell dem better talk, as small small pikin dem go do give another person, any time dem dey use computer.



The way wey dem go do

All the things wey dem nor go ever do

The way wey dem go do

All the things wey dem nor go ever do

Your name

# WORK 7

# TO STOP OR CLEAN

You don stop person or clean Person for computer before?
Wetin dem do wey e make you stop dem or clean dem?
Read all the story make you choose whether you go stop or clean this person.

PERSON WEY UNA GO SCHOOL TOGETHER DON DEY THROWAY INSULT GIVE YOU FOR THE PAST 3 WEEKS

WHY?/WHY NOT?

YOUR GUY WELL WELL JUST DEY THROWAY INSULT GIVE YOUUNTOP GROUP CHAT WEY UNA DEY. BUT ON A NORMAL LEVEL, HIM BE COOL GUY

WHY?/WHY NOT?

PERSON WEY YOU NO KNOW, WEY YOU NEVA TAKE EYE SEE DEY SEND YOU FRIEND REQUEST FOR FACEBOOK. YOU NO SABI THEIR PICTURE

WHY?/WHY NOT?



Draw circle round the key wey e lock to show whether you go stop or clean this person or not

Your name

## WORK 7

# TO STOP OR CLEAN

You don ever stop or clean Person for computer before?
Wetin dem do wey e make you stop dem or clean dem?
Read all the story make you talk whether you go clean am commot for your computer kpatakpata.

YOUR MAMA ADD YOU AS FRIEND, SHE CON TAG YOU TOGETHER WITH PLENTY OF YOUR PICTURE WEN YOU STILL BE PIKIN. BUT SHAME DEY CATCH YOU, YOU NO WAN MAKE YOUR FRIENDS DEM SEE AM.

WHY?/WHY NOT?

________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________

PERSON WEY YOU DEY FOLLOW CHAT WITH ONLINE COME DEY ASK YOU MAKE YOU SEND AMYOUR NAKED PICTURE YOU COME REASON SAY NO BE BETTER IDEA

WHY?/WHY NOT?

________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________

PERSON FOR YOUR SCHOOL SEND YOU VIDEO OF BETTER FIGHTING AND PLENTY GRA GRA

WHY?/WHY NOT?

________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________
________________________



Draw circle round the key wey e lock to show whether you go stop or clean this person or not

• Your name •

## WORK 8

# ANSWER

If dem threaten person, we suppose to do something about am, Wetin you think say make all this people do one by one, so the dem go stop all those bad bad people wey e dey fine trouble for inside computer or save the person wey dem dey threaten?



The person wey dem dey threaten

Friend (The trouble maker friend or the friend of the person wey dem dey threaten)

People wey e just stand for corner dey look


Your name

## WORK 9

# HELP

You no wetin and wetin dey for your country, wey your country get wey dem take dey help small pikin dem, in case one thing make dem vex or dey worry dem for computer?
For example, e get anybody, or TV station or company people wey you fit go meet make dem help?
How you take sabi them, how you take no dem?






IF ANYTHING NOR ENTER YOUR MIND, NO PROBLEM.
TRY TO CHECK YOUR COMPUTER SHARP SHARP YOU TELL US WETIN YOU SEE

Your name

## WORK 10

# TAKE TIME

Different different kind of people dey, different kind of play and different things dey happen wey you fit see by the time wey you dey use computer, You go think say some of dis things get small wahala or dem no get wahala at all at all, pass anothe one.
How you see some of dis kind things?? (For example, to go see person face to face, the person wey you see for your computer)?

CUT ALL DIS THINGS WEY DEM WRITE MAKE YOU GUM DEM FOR THE LINE WEY E DEY FOR THE OTHER PAGE

| | |
|---|---|
| 1 | To dey divide your own matter dey give people (for example, where you dey stay) |
| 2 | To go dey see person face to face, the person wey yo see for your computer |
| 3 | To dey talk with outside person wey you nor no before, for computer |
| 4 | To dey send your own foto dey give friends |
| 5 | To dey gree say you na person friend for computer and you never see am before |
| 6 | To dey use google for your computer take dey read your school book and take learn |




Your name

## WORK 10

# TAKE TIME

GREEN DEY SAFE WELL WELL,
E NO GET WAHALA AT ALL AT ALL.
AND RED NOR SAFE AT ALL AT ALL,
E GET WAHALA WELL WELL,

IF SOMETHING NOR DEY FOR THE LIST,
MAKE YOU WRITE AM



Your name

## WORK 11


# TO SAVE

Wetin dey happen to her?

You

Who dem go fit go meet for help or tell their problem give?

You




**Fatima dey class 8 for school. Since last month she dey get letter for her computer but she nor no who dey send the letter. The person dey talk yeye talk about Fatima dress and the kind hair wey she dey plait.**

**One day, one of her friend come tell her say somebody don use her name take open fake instagram account for computer and dem dey put yeye foto.**

**And because of dat Fatima dey fear to go school so that make people no come dey laugh am.**

You fit ready to carry dis wahala for head?

You

Wetin you fit do to save yourself commot for trouble?

You

Your name

# WORK 11


# TO SAVE

Wetin dey happen to her?

You

Who dem fit tell make e come save dem

You




**Eni na 15 years for age. She like to dey play games for computer and she go play reach midnight.**

**Everyday she go play game pass 10 hours The first time e be like play play but Eni done dy run commot for class to dey go play computer game and she no dey want follow anybody dey play again, both her friend and family people.**

**Small small Eni don dey give everybody chance and her family people dey fear say something don dey worry am for head.**

You ready to carry the wahala for head?

You

Wetin you go fit do to save yourself

You

Your name

# WORK 11


# TO SAVE

Wetin dey happen to her?

You

Who dem fit tell make e help dem or who dem fit go tell wetin dey happen?

You




**Eniola gree make one old man be her friend for computer and she nor no the man. She start to dey follow the man dey talk for computer and she come see say she and the man get something together.**

**Eniola nor like to tell her papa and mama all wetin dey happen to her for school. But her new friend be like say he like her and she think say the man na better friend so she come dey tell am all her secret.**

**One day, the man come ask Eniola whether two of them fit see face to face. Eniola con confuse because she nor no wetin to do**

You fit ready to save person even though you go enter wahala?

You

Wetin you go fit do to save yourself commot for trouble?

You

Your name

# WORK 11


# TO SAVE

Wetin dey happen to her?

You

Who dem fit tell make e help dem or who dem fit go tell wetin dey happen?

You




**Kebe na 16 years for age. Her mama put Kebe small pikin foto for her computer. Kebe nor no because she dey three years that time and her mama no tell her too.**

**For the foto, Kebe naked dey play for river.**

**with im friends.**

**Her mama like the foto and she want share am for computer give her friends and family people wey dem still dey facebook for inside computer but Kebe nor happy Say make her mama put her foto for computer because plenty people go see am.**

You go fit ready to put your body for ground to take solve the problem?

You

Wetin you go fit do to take save yourself?

You

Your name

## WORK 12

# STRONG COVER

Some computer disease wey dem dey call viruses and malware fit give your computer danger,
Dem fit make the computer dey work slow slow or die kpatakpata, dem fit clean book and letter for inside computer and dem go still fit open your secret and make you enter wahala.
You dey do anything to take cover your computer make yama yama disease no enter am?





MAKE YOU WRITE SOME OF THE THINGS WEY YOU DEY USE TO TAKE DEY COVER YOUR COMPUTER MAKE E FOR NOR SPOIL.

NCC Toll Free Line: 622

Cece Yara Foundation: 08008008001 (for children, toll free)

07007007001 (for adults, non toll free)

Email: cop@ncc.gov.ng

This book nor be for sale